# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 जून 2025 भोजपुरी समाचार

विस्व एमएसएमई दिवस के मौका पर आजु लखनऊ के लोकभवन में आयोजित एगो समारोह में उद्यमिता के प्रोत्साहन देवे बदे मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ यूथ अड्डा क लोकार्पण कइले के सथहीं सीएम युवा मोबाइल ऐप क सुभारंभ अउर बरेली आ मुरादाबाद में अट्ठारह करोड़ रूपिया के ओडीओपी योजना की ओरि से कॉमन फैसिलिटेशन सेंटर सीएफसी परियोजना क उद्घाटन कइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि पछिला सरकार न त खाली उद्यमियन क उपेक्षा कइलस बलुक जातीय झगड़ा के बढ़ावा दिहले क कारो कइलस। भाजपा क डबल इंजन सरकार जातिगत भेदभाव के खतम कइ के सज्जो समुदाय क नौजवानन के समान अवसर उपलब्ध करा रहलि हौ। उहां के कहलीं कि सीएम युवा मोबाइल ऐप सज्जो समुदाय क नौजवानन के बिना कवनो जातिगत भेदभाव के प्रसिक्षण,.ऋण अउर सरकारी योजनन क जनकारी देई। मुख्यमंत्री कहलें कि इंटरनेशनल ट्रेड शो से यूपी क वैस्विक पहिचान बनि रहल हौ। श्री योगी समारोह में सितंबर में ग्रेटर नोएडा में आयोजित होखे वाले इंटरनेशनल ट्रेड शो के तीसरा संस्करण क घोसणो कइलें।

*25 सितंबर से 29 सितंबर के बीच ये इंटरनेशनल ट्रेड शो ग्रेटर नोएडा से इण्डिया एक्सपो सेंटर मे फिर से आयोजित होने जा रहा है और मुझे लगता है अभी से इसकी तैयारियां भी चल रह हैं उत्तर प्रदेश के प्रोडक्ट को फिर एक मंच वहां पर मिलेगा। देश और दुनिया के बॉयस वहां पर आकर के उत्तर प्रदेश के सामर्थ को उत्तर प्रदेश की शक्ति को वहां पर एक मंच से देखेगा।*

**********

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान आजु बनारस में मीडिया से बतियावत कहलें कि आपातकाल घोसित कइल संविधान क हत्या के बराबर रहल। खाली आपन कुरसी बचावे बदे कांग्रेस लोकतंत्र क धज्जी उड़ावत आपातकाल लगा दिहलस। श्री चौहान कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी न त खाली संविधान क सम्मान करे लें बलुक ओके जीये लें। लोकतंत्र बीजेपी के स्वभाव में हौ। सरकार संविधान के मूल भावना क आदर करत नीति आयोग क गठन कइलसि। जरूरति परले पर बिपक्षी नेता लोगिन के प्रतिनिधिमण्डल में सामिल करत बिदेसो भेजले क कार कइलसि।

ओहर, कानपुर क छत्रपति शाहू जी महराज विश्वविद्यालय में भारतीय जनता पारटी युवा मोर्चा की ओरि से आयोजित मॉक पार्लियामेंट कार्यक्रम में उप मुख्यमंत्री केशव मौर्य कहलें कि एक परिवार क सत्ता के बचावे बदे कांग्रेस संविधान के प्राविधान क दुरूपयोग कइलस।

**********

मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना की ओरि से प्रदेस सरकार येह बरिस दुइ हजार पचीस में एक लाख से बेसी जोड़न क बियाह करावे क लक्ष्य तय कइले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ योजना में वित्तीय सहजोग रासि बढ़ा के एक लाख करे के सथहीं अब एकर निगरानी इंतजामों के अउरियों मजबूत करे क निरदेस दिहले हवें। एक रिपोर्ट–

***प्रदेश के समाज कल्याण मंत्री असीम अरूण ने कहा कि अब मुख्यमंत्री सामूहिक विवाह योजना को तकनीकी माध्यम से और अधिक सरल, सुलभ और पारदर्शी बनाया जा रहा है ताकि वास्तविक लाभार्थियों तक इसका फायदा पहुंच सके। आवेदन प्रक्रिया से लेकर सामग्री आपूर्ति तक के सभी चरणों को डिजिटल निगरानी में लाया जा रहा है। उपहारों की गुणवत्ता और वितरण को लेकर भी विशेष व्यवस्था की गयी है। अब फार्मों का चयन जिला नहीं बल्कि निदेशालय स्तर से किया जायेगा ताकि किसी भी स्तर पर गड़बड़ी की सम्भावना न रहे। श्री अरूण ने बताया कि सामूहिक विवाह कार्यक्रमों में पारदर्शिता और जवाबदेही बनाये रखने के लिये सरकार ने जनपदों में आब्जर्वर तैनात करने का निर्णय लिया है। इसके तहत एक जिले के समाज कल्याण अधिकारी को दूसरे जिले में ऑब्जर्वर के रूप में भेजा जायेगा। आकाशवाणी समाचार कक्ष से मैं अरूण।***

**********

प्रदेस क उप मुख्यमंत्री अउर स्वास्थ्य मंत्री ब्रजेश पाठक पोस्टमार्टम क अधिकतम चारि घंटा के अंदर करे क निरदेस दिहले हवे। उप मुख्यमंत्री के निदरेस पर प्रमुख सचिव पार्थ सारथी सेन एके लेके प्रदेस भर में नया गाइड लाइन जारी कइले हवे। नई व्यवस्था में अब सवन क पोस्टमार्टम अधिकतम चारि घंटा में करे के होइ। जवने जिलन में अधिक संख्या में पोस्टमार्टम हो रहल हौ ओइजा सीएमओ दुइ या ओहसे बेसी डाक्टरन क टीमि बना के पोस्टमार्टम समय से सुनिश्चित करइहे जवना से परिजन लोगि के सवन बदे ढेरि इंतेजार न करे के पड़े।

**********

अंतरर्राष्ट्रीय क्रिकेट परिषद आई.सी.सी ट्वेंटी–ट्वेंटी मैचन बदे नया पावर प्ले नियमन क घोसणा कइले हौ। अगिला महिन्ना से प्रभावी होखे वाले नया नियमन के हिसाबि से बरखा, खराब रोसनी चाहे अउरियो कारन से आठ ओवर ले क कइल गइल मैच में अब पावर प्ले दुइ ओभर अउर दुइ गेंद क होइ अउर तीस गज घेरा के बहरे खाली दुइ खेलाड़ी मौजूद रहि सकेले। येही तरियन पांच ओवर क पारी बदे डेढ़ ओवर पावर प्ले क होई। दस ओवर क पारी में तीन ओवर अउर पनरह ओवर क पारी बदे साढ़े चार ओवर पावर प्ले क निरधारित कइल गइल हौ।

**********